



# Viris Nil Lwès(WNV)

Fèy Enfomasyon



Viris West Nile (WNV) gaye sitou atravè piki yon moustik ki enfekte. WNV ka pwopaje tou atravè transfizyon san, transplantasyon ògàn, bay tête, epi soti nan manman an rive nan tibebe pandan gwo sès la.

Nenpòt moun ka pran WNV, men moun ki pase tan deyò yo nan pi gwo risk. WNV kapab tou enfekte chwal, zwazo, ak lòt bêt.

## Siy ak Sentòm yo



Fyèv ak Frison



Feblès



Maltèt



Doulè nan kò ak misk



Anflamasyon Sèvo



Konfizyon



Kou rèd



Koma

Pifò moun ki enfekte ak WNV p ap montre okenn siy maladi. Gen kèk moun ki enfekte ak WNV ki montre siy ak sentòm modere, ki anjeneral kòmanse 3 a 15 jou apre yon moustik ki enfekte fin mode yon moun. Sa a gen ladan lafyèv, doulè nan tèt ak kò, feblès, ak vomisman. Pifò moun ki montre siy ak sentòm modere refè konplètman, men fatig ak feblès ka dire pandan plizyè semèn oswa mwa.

Raman moun ki enfekte ak WNV devlope yon maladi grav ki afekte sèvo ak zòn ozalantou yo. Siy ak sentòm yo enkli gwo lafyèv, maltèt, kou rèd, konfizyon, koma, ak paralizi. Maladi grav ka rive nan nenpòt laj, sepan dan moun ki gen plis pase 60 ane gen pi gwo risk. Moun ki gen sèten kondisyon medikal yo gen plis risk tou. Yon ti kantite ka ki gen maladi grav mouri.



Pale ak doktè w si ou gen nenpòt nan siy oswa sentòm sa yo. Doktè w la ka pran echantyon san ak likid epinyè pou teste WNV. Pa gen okenn tretman espesifik pou WNV. Maladi WNV grav anjeneral mande pou tretman sipò nan lopital la.


## Anpeche Virus West Nile

Pi bon fason pou anpeche WNV se pwoteje tèt ou ak fanmi w kont piki moustik.



Sèvi ak yon pwodui pou repouse moustik EPA apwouve pou utilize sou po tankou

- DEET
- Lwil oliv sitwon
- Eucalyptus
- IR 3535 Picaridin



Mete chemiz long ak pantalon long liè ou deyo




Itilize pèmetrin sou rad



Debarase kote moustik yo ka ponn ze liè yo vide dlo ki chita deyo kay la.

Yo ta dwe vide dlo chita yo omwen yon fwa pa semèn. Sa gen ladann bokit, bòl bêt kay, ak beny zwazo. Ou kapab tou fè twou nan bagay tankou kawotchou ak bokit ki rete deyo epi yo ka kolekte dlo. Prevansyon adisyonèl gen ladan evite deyo bonè nan maten ak liè solèy kouche liè anpil moustik pi aktif ak fikse twou nan pòt ak fenèt ekran yo.

## Pou plis Enfòmasyon, Vizite:



1. [www.maine.gov/dhhs/westnile](http://www.maine.gov/dhhs/westnile)
2. [www.maine.gov/dhhs/mosquitofaq](http://www.maine.gov/dhhs/mosquitofaq) (Pou kesyon yo poze souvan sou moustik)
3. [www.cdc.gov/westnile](http://www.cdc.gov/westnile)
4. [www.epa.gov/insect-repellents/find-repellent-right-you](http://www.epa.gov/insect-repellents/find-repellent-right-you) (Pou repilsif EPA apwouve)

Ou ka rele tou Maine CDC nan 1-800-821-5821.